

Legal Services of Greater Miami, Inc. ap chache tout mwayen posib pou li bay bon kalite sèvis legal a tout endividi ki kontakte nou chak ane pou asistans. Moun ki travay pou nou yo se moun ki fè tout sa yo kapab pou yo ede tout klyan ki nan kominote a avèk anpil devosyon, konpasyon ak dilijans.

Qwak tout efò nou fè, ou kapab pa satisfè ak sèvis ke nou ofri nan biwo nou, o sinon ou kapab pa satisfè paske nou pa rive aksepte ka ou a. Si se sa ki rive, nou envite ou diskite avèk nou. Si ou vle pote on plent fòmél pa ekri, ou kapab fè sa. Nou pral fé ankét epi nou pral fé tout efò posib pou nou rezoud pwoblèm sa-a.

Pou ou pote on plent fòmél pa ekri konsénan kalite sèvis nou te ba ou yo, o sinon pou desizyon ke nou te pran pou pat aksepte ka ou a, ranpli yon fòm ki rele "Client Complaint Form" epi ou va retounen fòm sa a bay resepsyonis la oubyen ou ka poste'l bay Direkté Avoka a nan biro prinsipal la. Plent ou an ap rezoud nan 20 jou.

Klyan ki gen 60 tan daj o sinon ki pi gran ke sa, epi ke reprezantasyon yo sipòte a travé "Title III of the Older Americans Act," posede plis dwa plent ki sipòte pa "Alliance for Aging." Pou ou jwen on fotokopi konsénan Posedi "Aging Grievance" lan kontakte biro prinsipal LSGMI.

Pou ou jwen on fotokopy Posedi Alyans Doleans Moun Aje yo clique la-a <http://www.allianceforaging.org/doesahandbook09/appendixdgrievance.pdf> Nenpòt lot enkyetid ou ta ka genyen, men-m lè li ta gen pou li wé avék kondwit amplwaye nou yo, ta sipoze pote nan atansyon Direkté Entéviou a. Nou apresye sigjesyon epi kòmantè ou ka ba nou paske chak kòmantè epi sigjesyon ou fé pémét nou sèvi ou pi byen